

# Tès pou *Candida auris*

Enfòmasyon pou Pasyan yo

*Candida auris* (ke yo rele tou *C. auris*) se yon chanpiyon ki kapab lakòz enfeksyon grav. *C. auris* ka pwopaje soti sou yon pasyan pou ale sou yon lòt nan lopital ak etablisman swen enfimye yo. Pasyan yo ka pote *C. auris* yon kote sou kò yo, menm si li pa fè yo malad. Yo rele sa kolonizasyon. Lè moun ki nan lopital ak etablisman swen enfimye yo kolonize, *C. auris* ka pwopaje sot nan kò yo epi li ka ale sou lòt moun oswa objè ki toupre, sa ki pèmèt chanpiyon an transmèt bay moun ki ozalantou yo. CDC rekòmande pou teste pasyan ki gendwa te vin an kontak avèk *C. auris* pou wè si yo pote chanpiyon sa a. Sa pèmèt founisè swen sante yo konnen kimoun ki pote chanpiyon an epi pran dispozisyon pou anpeche li transmèt bay lòt moun.

## Poukisa y ap teste m pou *C. auris*?

Ou gendwa te vin an kontak avèk *C. auris* pandan ou te nan etablisman swen sante sa a oswa nan yon lòt.

Pou anpeche chanpiyon an pwopaje, n ap teste pasyan yo pou wè si yo pote chanpiyon an aktyèlman. Ou ka pote li sou po ou san ou pa gen yon enfeksyon oswa sentòm yon enfeksyon. Yo rele sa kolonizasyon.

**Erezman, pifò moun ki pote *C. auris* pa vin malad akòz li.**

Lè yo fè tès pou *C. auris* sa ede etablisman swen sante nou yo ak depatman sante yo anpeche chanpiyon an gaye nan etablisman an ak nan kominote a.


## Poukisa *C. auris* enkyetan?

- Li ka lakòz enfeksyon grav.
- Li rezistan souvan kont medikaman, sa ki fè li difisil pou trete.
- Li vin pi kouran.
- Li difisil pou idantifye avèk tès laboratwa woutin yo.
- Li ka pwopaje nan lopital ak etablisman swen enfimye yo.

## Kisa mwen dwe atann si m fè tès?

1. Enfimye/enfimyè a oswa doktè a pral siye oswa fwote yon aplikatè koton sou po ki toupre anbabra ou ak zòn kote janm ou rankontre ak kò ou (lenn). Tès la pa fè mal.
2. Yo pral voye prelèvman aplikatè a nan yon laboratwa, epi nan 1 a 2 semèn, laboratwa a ap endike doktè ou rezulta yo.
3. Si tès la montre ou pote chanpiyon an, lè sa enfimye/enfimyè ou oswa doktè ou pral pale avèk ou sou rezulta yo ak sa ki dwe fèt annapre.

Ou ka chwazi pou yo pa teste ou. Pale avèk enfimye/enfimyè ou oswa doktè ou si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan tès yo.



**U.S. Department of  
Health and Human Services**  
Centers for Disease  
Control and Prevention

**Ou vle jwenn plis enfòmasyon?**

[www.cdc.gov/fungal/candida-auris](http://www.cdc.gov/fungal/candida-auris)